



## **BUPATI KLATEN**

### **SABDATAMA BUPATI KLATEN WONTEN ING ADICARA MANGAYUBAGYA HADEGING KABUPATEN KLATEN KAPING 212 WARSA 2016**

**SURYA, 28 JULI 2016**

*Bismillahi rakhman nir rokhim;*

*Assalammu'alaikum waraokhmatullahi wa barakatuh;*

*Mugi tentrem rahayu sih wilasaning Gusti Inggang Maha Agung, mugya tansah kajiwa kasalira, tumedak tumanduk, lumintu dalasan lumintir dumateng panjenengan dalasan kula sumarambah sedaya warga ageng Kabupaten Klaten.*

- Dumateng para kadang Muspida Kabupaten Klaten;
- Dumateng para sepuh aji sepuh miwah para pepunden ingkang tuhu kinabekten;
- Dumateng Wakil Bupati, Sekda, Para Asisten, Para anggota DPRD, para kadang pangenbaning praja pangarsaning paprintahan ing Kabupaten Klaten

ingkang sinudarsana; marambah keluarga ageng Pemerintah Kabupaten Klaten saha para lenggah ingkang bagya mulya.

Kanugrahan ingkang agung saking Allah Subhannahu Watta Alla mapan ing Alun-Alun Kuta Klaten, kula miwah panjengengan sedaya saged makempal manunggal nyawiji anggellar “UPACARA PRENGETAN HADEGING KABUPATEN KLATEN KAPING 212 (KALIH ATUS KALIH WELAS) WARSA 2016 (KALIH EWU ENEM BELAS) ” kanti swasana kebak ing karohmatan.

Lumantar pamuji punika mugni sedaya warga masyarakat mliginipun keluarga ageng

Pemerintah Kabupaten Klaten tansah ginanjar bagas waras wilujeng miwah pitedah bebener murih anindakaken jebibahan luhur mujutaken Kabupaten Klaten ingkang maju, mandiri miwah berdaya saing. Aamiin.

*Dumateng para sepuh, para kadang sutresna sedaya warga Klaten ing bagya mulya,*

Kanti prengetan wiosan Kabupaten Klaten 212 ( *kalih ewu kalih welas*) warsa punika kula hanggadahi panyuwunan sedaya pangarsaning praja, para abdining negari, para bayangkari negari miwah warga ageng masyarakat Klaten saget guyub rukun manunggal lan makarya amrih rumeseping wewangunan ing sedaya tlatah Kabupaten Klaten.

Majenging wewangunan punika mapan wonten tanggel jawab sedaya warga ageng Kabupaten Klaten. Sedaya warga Klaten kedah sengkut makarya. Sedaya abdining negara saugi kedah makaten. Para pangarsaning praja kedah saget minangka tepa palupi miwah patuladan kang becik. Para abdining negara kula suwun satuhu anjagi pakurmatan diri, gegulang prilaku luhur, anjagi amal ibadah, kagungan pakarti ingkang indah nalika lelados mring masyarakat miwah ingkang langkung utami nun injih makarya kanti jujur, adil miwah tanggel jawab.

*Dumateng para sepuh, para kadang sutresna sedaya warga Klaten ing bagya mulya,*

Kula pitados sesanggeman punika nedahaken jebibahan ingkang awrat. Kula nyuwun pangestu dumateng sedaya para sepuh miwah pepunden, para kadang muspida, para rawuh miwah sedaya warga Klaten ing samangke, gangsal taun ingkang bade dateng anggen kula ingkang piniji minangka pusering adil Kabupaten Klaten saget makarya kanti becik, sinengkuyung sedaya abdining negara saget mujutaken masyarakat Klaten ingkang kuncara, nggadeg jejeg lan saget dados kabupaten ingkang pinuncul miwah kasuwur. Kula pitados sok sinten ingkang teteken kanti tekun, ing pungkasanipun bade katekan punapa kang sinedya.

Kula nyuwun dumateng para rawuh saget anengenaken pakarti kang becik, manthenging pangibadahan miwah kuwawi meper ubaling hawa nafsu punika nedahaken pribadi kang sampurna. Pakarti becik ingkang nyawiji, miwah patrap kang sugih demen tetulung dumateng sanak kadang pantes minangka tepa tuladha ing bebrayan agung.

Ambangun pakarti becik punika minangka perangan bab ingkang satuhu wigati, mliginipun kadang-kadang muda amrih mboten kenyut miwah kentir babagan sesakit zaman modern kadosta miras, narkoba miwah pasrawungan ingkang tanpa winates.

Kula pitados wewangunan ingkang dipun rancang pamarintah mboten saget lumampah

kanti gancar, minawi mboten wonten panyengkuyungipun sedaya para warga Klaten. Awit punika warga Klaten kedah nyawiji. Warga Klaten kedah guyub lan rukun. Warga Klaten mboten pikantuk remen cecongkraham miwah gampil padudon ingkang tembenipun hangrusak pasrawungan miwah bebrayan agung.

Kula nyuwun pangestunipun dumateng sedaya para lenggah warga masyarakat Klaten, amrih wewangunan punika saget lumampah jumbuh ingkang ginayuh, sembada ingkang sinedya, Pemkab Klaten bade angepyakaken wewadul masyarakat ingkang kula paringi tetenger MATUR IBU. Wewadul punika minangka bukti bilih pembangunan punika

mboten anilaraken warga masyarakat. Kula bade mirengaken swantenipun warga sae awujud panyeru, pananglet miwah pamanggih amrih rumeseping wewangunan waradin sedaya warga masyarakat Klaten. Sedaya para pangarsa SKPD kula suwun sengkuyung wewadul MATUR IBU minangka perangan tanggel jawab lelados mring masyarakat.

*Dumateng para sepuh, para kadang sutresna ingkang minulya,*

Kula ngaturaken panuwun dumateng para kadang- kadang panawung krida ingkang sampun makarya nyamektakaken upacara punika. Atur panuwun ugi kula aturaken dumateng para lenggah, para Muspida, para

pangarsa paprentahan maligi para penderek upacara ingkang sampun kepareng anggrasuk busana kejawen jangkep kagem mangayubagya wiosan Kabupaten Klaten ing dinten punika. sugeng makarya sugeng nindakaken wajib. Sugeng Ambal Warsa Kabupaten Klaten Kaping 212 (*kalih atus kalih welas*). Mugi Allah Subhanahu Watta Alla hangijabahi panyuwunan panjenengan sedaya miwah kula. Rahayu, rahayu, rahayu ingkang samya pinanggih. Wassalamualaikum Warrah matullahi wabarokatuh.

**BUPATI KLATEN**

**HJ. SRI HARTINI, S.E.**